***JURNALISTIKA***

# ОНЛАЙН МЕДИАДА БИЛИМЛЕНДИРИЎ ПРОБЛЕМАТИКАСЫНЫҢ ЖАРЫТЫЛЫЎЫ

**Даулетмуратов Тахир Пиратдинович** – *оқытыўшы*
taxirdauletmuratov737@gmail.com
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

# ОСВЕЩЕНИЕ ПРОБЛЕМАТИКИ ОБРАЗОВАНИЯ В ОНЛАЙН-МЕДИА

**Даулетмуратова Тахира Пиратдиновича** – *преподаватель*
*Нукусского филиала Узбекского государственного института социальных наук*

# IMPROVING EDUCATION PROBLEMS IN ONLINE MEDIA

**Dauletmuratov Taxir Piratdinovich** – *Lecturer*
*Nukus branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan*

**Таянч сўзлар:** журналистика, проблематика, машқала, мәлимлеме, веб-сайтлар, социаллық тармақлар, ғалаба коммуникация қураллары, интернет, видео көринис, аудио жазыў, фото көринис, байланыс қуралы.

**Rezume.** Мазкур мавзуда онлайн медиаларда олий таълимга оид эълон қилинган материалларнинг асосий муаммолари таҳлил қилинади. Хусусан, ахборотларнинг ишончлилиги, аниқлиги ва холислиги етарли даражада таъминланмаётгани, айрим ҳолларда эса текширилмаган ёки на туғри маълумотлар тарқатилаётгани кориб чиқилади. Шунингдек, сарлавҳаларда сенсацион ёндашувнинг устунлиги, расмий манбаларга етарли даражада таянилмаслиги ҳам муҳим камчиликлардан бири сифатида баҳоланади.

**Ключевые слова:** журналистика, проблематика, проблема, информация, веб-сайты, социальные сети, средства массовой информации, интернет, видео, аудиозапись, фото, средство коммуникации.

**Резюме.** В данной теме анализируются основные проблемы материалов, опубликованных в онлайн-СМИ, касающихся высшего образования. В частности, рассматривается недостаточная надежность, точность и объективность информации, а в некоторых случаях распространение непроверенной или недостоверной информации. Кроме того, преобладание сенсационного подхода в заголовках и недостаточное использование официальных источников также считаются важными недостатками.

**Key words:** journalism, problematics, problem, information, websites, social networks, mass media, internet, video, audio recording, photo, means of communication.

**Summary.** This topic analyzes the main problems of materials published in online media related to higher education. In particular, insufficient reliability, accuracy, and objectivity of information are being considered, and in some cases, the dissemination of unverified or unreliable information. Furthermore, the prevalence of a sensational approach in headlines and insufficient use of official sources are also considered significant shortcomings.

**Кирисиў.** Ҳәзирги глобалласыў ҳәм санлы трансформациялар дәўиринде онлайн медиа платформалары социаллық реаллықты интерпретациялаўшы ҳәм жәмийетлик сананы детерминациялаўшы тийкарғы институционаллық қуралға айланды. Әсиресе, жәмийеттиң интеллектуал потенциалын белгилеўши билимлендириў тараўындағы реформалардың медиа-дискурсда сәўлелениўи айрықша актуаллыққа ийе. Билимлендириўге бағдарланған медиа-контент тек ғана дескриптив (сүўретлеўши) функция менен шекленбестен, системалық машқалаларды диагностикалаў, оларды аналитикалық тәрептен терең таллаў ҳәм оптимал конструктив шешимлерди ислеп шығыў сыяқлы функционаллық ўазыйпаларды атқарады. Мақаланың методологиялық тийкарын қәлиплестириўде «тема» ҳәм «проблематика» категорияларының арасындағы дихотомияны илимий дифференциациялаў әҳмийетке ийе. Тема – тексттиң объектив мазмунын (мәселен, билимлендириў системасының улыўма жағдайы) белгилесе, проблематика – сол тема шеңберинде акцентиленген конкрет қарама-қарсылықлар, социаллық дисфункциялар (оқытыўшылардың кәсиплик компетенциясы, педагогикалық парадигмалардың трансформациясы ҳәм т.б.) жыйынтығын аңлатады. Бир номинал тема ишинде көп өлшемли проблематикалық өристиң болыўы

журналисттен жоқары дәрежедеги когнитив билим ҳәм терең аналитикалық интерпретация талап етеди. Бул мақалада онлайн медиада билимлендириў мәселелерин жарытыўдың концептуал тийкарлары, журналистлик материаллардағы проблематиканың ашылыў дәрежеси ҳәм мағлыўматларды таллаўдың методологиялық аспектлери үйрениледи.

**Усыллар.** Бул илимий мақалада Қарақалпақстан Республикасындағы жетекши онлайн басылымлардың материаллары таңлап алынды. Бул усыл арқалы билимлендириў темасындағы жәрияланған материаллардың саны, жанрлық структурасы ҳәм тематикалық камтылыўы санлы ҳәм сапалық жақтан анализленди.

**Нәтийжелер ҳәм пикирлер.** Ҳәзирги ўақытта онлайн басылымларда билимлендириў тараўы бойынша төмендеги мәселелер кеңнен талланбақта: Билимлендириў сапасы ҳәм кадрлар маселеси: Оқытыўшылардың кәсиплик маманлығы ҳәм заманагөй оқыў бағдарламаларының талапқа жуўап бериўи. Инфраструктура: Билимлендириў мекемелериниң материаллық-техникалық базасының жағдайы. Санластырыў: Санлы технологияларды енгизиў, аралықтан оқытыў имканиятлары ҳәм бул процесстеги техникалық ҳәм психологик тосқынлықлар. Изертлеў даўамында онлайн медиада билимлендириў мәселелерин жарытыўда бир қатар кемшиликлер де бақланбақта:

Оперативлик ҳәм Сапа: Тез мәлимлеме таркатыў бараысында материаллардың тексерилмей жәрияланыўы мағлыўмат исенимлилигине гуман туўдырмақта. Бул жәмийетте надурыс түсиниклердиң қәлиплесиўине себеп болады.

Аналитикалық қатнастың жетиспеўшилиги: Көпшилик материаллар тек хабар бериў менен шекленип, машқаланың түп-тамырын, себеп-ақыбетлерин ашып бермейди. Нәтийжеде, материалдың социаллық салмағы төменлейди.

Дереклер менен ислесиў мәденияты: Рәсмий дереклерге ҳәм тараў қәнигелериниң пикирине сүйениў орнына, социаллық тармақлардағы тастыйықланбаған мағлыўматларды тийкар етип алыў жағдайлары ушырасады. Бул профессионал этика стандартларына қайшы келеди.

Билимлендириў тараўындағы онлайн журналистиканың сапасын арттырыў ушун тек ғана машқаланы айтыў жеткиликли емес. Журналистлер материал таярлаўда профессионал стандартларға әмел етиўи, дереклердиң ҳәр тәреплемелигин тәмийинлеўи ҳәм терең аналитикалық анализге итибар қаратыўы тийис. Тек сонда ғана медиа билимлендириў системасын раўажландырыўға хызмет ететуғын сапалы жәмийетлик додалаў майданына айлана алады.

Қарақалпақстан онлайн медиаларында жәрияланған билимлендириўге байланыслы материалларды үйренгенимизде жарытылып атырған мәселелер белгили бир проблемалар этирапында жәмленгенлигин көремиз. Мәселен, Қарақалпақстан хабар агентлигиниң шолыўшысы Д.Абибуллаевтың «Жоқары билимлендириўде машқалалар додаланды» атамасында kknews.uz сайтында жәрияланған материалында: “Усылар менен бир қатарда үйрениў барысында бир қатар кемшиликлердиң орын алып атырғанлығы атап өтилген. Атап айтқанда, жетекши оқыў орынларымыздың Өзбекстан жоқары оқыў орынлары арасында рейтинг көрсеткиши төменлеп кеткен. Профессор-оқытыўшылардың мәлимлеме-коммуникация технологияларын, шет тиллерин өзлестириў дәрежеси талапқа жуўап бермейди. Студентлерди сабақлықлар, оқыў қолланбалары, жатақхана менен тәмийинлеўде, питкериўшилерди қәнигелиги бойынша жумысқа орналастырыўда, әмелиятларды өтеўде машқалалар бар екенлиги сынға алынды”, деп жазады.

Жоқарыдағы материалда жоқары билимлендириў тараўында бар кемшиликлер тилге алынған. Автор тәрепинен жоқары оқыў орынлары рейтингиниң төменлеўи, профессор-оқытыўшылардың мәлимлеме-коммуникация технологиялары ҳәм шет тиллерин өзлестириў дәрежесиниң жетерли емеслиги, сондай-ақ, студентлерди сабақлықлар, оқыў методикалық қолланбалар ҳәм узақ орынлардан келген жасларды жатақхана менен тәмийинлеў, питкериўшилерди жумысқа жайластырыў ҳәм әмелиятлар өтеўдеги машқала атап өтилген.

Бирақ материалда машқалалар тийкарынан санап өтиў менен шекленип, олардың келип шығыў себеплери, ақыбетлери ҳәм шешимлери терең анализленбеген. Сонлықтан, темаға байланыслы тийкарғы мәселелер сәўлелендирилген болса да, онда машқала анализи жетерли дәрежеде берилмеген, материал көбирек информациялық характерде жазылған. Сондай-ақ, «Қарақалпақстанда билим сапасы үйренилди: жуўмақ ҳәм нәтийже» атамасында kknews.uz сайтында жәрияланған материалда: “Ушырасыў барысында билимлендириўдиң ҳәр бир басқышында ушырасып атырған кемшиликлер

ҳаққында сөз болып, мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишиниң төменлиги, үйрениўлер барысында айырым мектеп муғаллимлериниң сабақ өтиўдеги педагогикалық билиминиң сайызлығы, оқыўшылардың сабаққа қатнасының төменлиги, жоқарғы оқыў орынларын питкерген айырым жаслардың елеге шекем жумыссызлығы, қәниге таярлап беретуғын жоқары оқыў орынлары менен өндирис орынлары арасында байланыс жоқлығы, жоқары оқыў орынларының өзлерине бириктирилген мектеплер менен бирге ислесиўдеги бослықлар, айрым жоқары оқыў орынларының рейтинг көрсеткишиниң жылдан-жылға түсип баратырғанлығы сыяқлы бир қатар кемшиликлер анық мысалллар менен атап көрсетилди” - деп тараўдағы бир қатар машқалалар атап өтиледи.

Бул жәрияланған материалда да билимлендириў тараўының барлық басқышларында бар машқалаларға тийкарғы итибар қаратылған. Онда мектеп питкериўшилериниң жоқары билимлендириўге кириў көрсеткишиниң төменлиги, айырым оқытыўшылардың педагогикалық билими жетерли емеслиги, оқыўшылардың сабаққа қатнасыў дәрежесиниң төменлиги, жоқары билимлендириў мәкемелери питкериўшилери арасында жумыссызлық машқаласы, билимлендириў ҳәм өндирис арасындағы бирге ислесиўдиң төменлиги, сондай-ақ, жоқары оқыў орынларының рейтинг көрсеткишиниң төменлеп барыўы сыяқлы кемшиликлер атап өтилген. Деген менен материалда тастыйықлаўшы мысаллар келтирилмеген. Соның менен бирге, машқалаларды сапластырыў механизмлери ҳәм әмелий шешимлерине итибар қаратылмаған болып, ҳәттеки, материалдың аналитикалық потенциалын шеклеп қойған. Усы жерде изертлеўши А.А.Морозованың аналитикалық жанрлар ҳаққында айтқан қатарлары пикиримизди тастыйықлайды: «Аналитикалық жанрлар, қурамалы болып, ҳәттеки текстлерди жазыў ушын ҳәмде оларды қабыл етиў ушын да бираз қыйыншылықты туўдырады. Олар автордың журналистикалық таярлығын ҳәм оқыўшының айрықша дыққатын талап етеди. Сол себепли социаллық тармақларда жүдә сийрек ушырасады». Шынында да, онлайн медиалардағы көпшилик материалларда аналитикалық жанрлардың элементлери толық көринбейди, ямаса олар фактлерди тез жеткизиўге қаратылған қысқа хабарлар, постлар, комментарийлер менен алмастырылып кетеди. Қарақалпақстан хабар агентлигиниң сайтында «Мәмлекетлик тилди раўажландырыў: Әмелий қәдемлер ҳәм машқалалар» атамасында жәрияланған материалда болса: “Атап айтқанда, Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги үйренилгенде, министрликтиң кирер жериндеги атамасы, сыртқы ҳәм ишки жазыўларында, соның менен бирге шығыс хатларында 28, Қарақалпақстан Республикасы Телерадиокомпаниясы кирер жериндеги атамасы ҳәмде шығыс хатларында 23, Туризм басқармасының шығыс хатларында 15, Мәдeният министрлигиниң шығыс хатларында 18, Бәсекиликти раўажландырыў ҳәм тутыныўшылар ҳуқықларын қорғаў комитетиниң шығыс хатларында 23, Экология, қоршаған орталықты қорғаў ҳәм ықлым өзгериўи министрлигиниң есиклерине қыстырылған жазыўлар ҳәмде шығыс хатларында 32, Транспорт министрлигиниң шығыс хатларында 17, Қарақалпақстан Республикасы Жоқары билимлендириў, илим ҳәм инновациялар министрлигиниң шығыс хатларында 21 қәте-кемшиликлердиң бар екенлиги анықланды”, - деп келтиреди. Бул жәрияланған материалда мәмлекетлик тилди қолланыўдағы кемшиликлерге тийкарғы итибар қаратылған. Онда Қарақалпақстан Республикасындағы бир қатар министрликлер ҳәм уйымларда сыртқы ҳәм ишки жазыўлар, сондай-ақ, рәсмий шығып сөйлеў хатларында мәмлекетлик тил нормаларына әмел етилмеген жағдайлар анық санлар ҳәм мысаллар арқалы көрсетип берилген. Бирақ, кемшиликлерди сапластырыў бойынша әмелий механизмлер, жуўапкершилик ҳәм қадағалаў мәселелери кеңнен сәўлелендирилмегенлиги себепли бул материал да фактлер аналитикалық көзқарастан үйренилмеген. Соны да айтып өтиў орынлы, айырым жәрияланған материалларда оқытыўшылар менен байланыслы проблематика кең орын ийелейди. Соның ишинде, педагог кадрлардың жетиспеўшилиги, олардың маманлығын арттырыў зәрүрлиги, мийнет ҳақы ҳәм социаллық қорғаў мәселелери онлайн басылымларда турақлы түрде берип барлған. Мәселен, Қарақалпақстан хабар агентлиги шолыўшысы Адилбай Оразовтың «Тараўдағы кемшиликлер додаланып, ўазыйпалар белгиленди» атамасында kknews.uz сайтында жәрияланған материалында: “Илажда быйылғы мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери де кең

түрде талланды. Айырым районлар кесиминде нәтийжелер өз-ара салыстырылып, жоқары көрсеткишлерге ерискен аймақлардың тәжирийбеси үлги сыпатында көрсетип өтилди. Сондай-ақ, төмен көрсеткиш көрсеткен аймақлардың жумыслары да ашық додаланып, оларды сапластырыў бойынша әмелий илажлар белгиленди” деп жазады. Бул материалда көрип турғанындай мектеп питкериўшилериниң жоқары оқыў орынларына кириў көрсеткишлери анализленип, айырым районлар кесиминде нәтийжелер өз-ара салыстырылып, жоқары көрсеткишлерге ерискен аймақлардың тәжирийбеси үлги сыпатында көрсетип өтилди, делинген. Бирақ, материалда қайсы аймақлардың тәжирийбеси үлги сыпатында атап өтилгенлиги көрсетилмеген. Жәнe де материалда: “Соның менен бирге, инфраструктура, оқыў қураллары менен тәмийинлеў, педагог кадрлардың жетиспеўшилиги ҳәм басқа да әҳмийетли мәселелер де сын көзқарастан талланып, машқалаларды шешиў бойынша анық ўазыйпалар ҳәм мүддетлер белгиленди” – деп жазады. Бул қатарларда қайсы оқыў қураллар менен тәмийинленгенлиги, қайсы аймақларда педагог кадрлардың жетипеўшилиги бойынша да анық мағлыўматлар киритилмеген.

**ЖУЎМАҚ.** Жуўмақлап айтқанда, өткерилген изертлеў нәтийжелериниң концептуал анализи көрсеткендей, билимлендириў мәселелерин жарытыўға бағдарланған журналистлик материаллар мәмлекетлик билимлендириў стратегиясын реаллықта сәўлелендириўши, реформалардың нәтийжелилигин мониторинглеўши ҳәм системалық дефицитлерди анықлаўшы коммуникациялық-аналитикалық платформа хызметин атқарады.

Эмпирикалық материалларды анализлеў барысында медиа-текстлердиң сапалық көрсеткишлерине деструктив тәсир етиўши төмендеги факторлар анықланды:

Аналитикалық редукционизм: Машқалаларды концептуал түрде анализлеў орнына, оларды дескриптив (сүрәтлеўши) баянлаў менен шеклениў жағдайларының басымлығы;

Верификация кризиси: Мәлимлеме дереклери менен ислесиўде мульти-перспективликтиң (көп тәреплемелик) сақланбаўы ҳәм фактлерди тексериў механизмлериниң жетерли дәрежеде қолланылмаўы. Соның менен бирге, заманагөй санлы медиа ҳәм социаллық тармақлардың тәсири нәтийжесинде билимлендириўге байланыслы контенттиң оперативлик ҳәм сенсациялыққа бейимлесиў процеси бақланбақта. Бул тенденция медиа-қәнигелерден (журналистлер ҳәм блогерлерден) кәсибий деонтология нормаларына қатаң әмел етиўди, мағлыўматлардың қалыслығын тәмийинлеўди ҳәм социаллық жуўапкершиликти арттырыўды талап етеди.

Улыўма алғанда, билимлендириў журналистикасының проблематикалық анализи тараўдағы аналитикалық дискурсты институционалластырыў, экспертлик пикирлерге приоритет бериў ҳәм жәмийетлик мәплердиң үстинлигин тәмийинлеў зәрүрлигин илимий жақтан тийкарлайды. Билимлендириў медиа-контентин терең аналитикалық парадигма тийкарында қәлиплестириў – жәмийеттиң интеллектуал потенциалын арттырыўдың ҳәм билимлендириў сиясатының нәтийжелилигин тәмийинлеўдиң әҳмийетли факторы болып есапланады.

**Әдебиятлар**

1. Mirziyoyev Sh. Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlariga yo‘llagan tabrigi. 2017-yil.
2. Mo‘minov F.A. Jurnalistika ijtimoiy institut sifatida. – T.: Universitet, 1998.
3. Прохоров Е.П. Журналистика. Государство. Общество. – М., 1996.
4. Xudoyqulov M. Ommaviy axborot vositalari nazariyasi. – T.: Universitet. 1999.
5. Qozoqboyev T.M., Xudoyqulov M. Jurnalistika. Oliy o‘quv yurtlari uchun darslik. – T., 2009.
6. Муротова Н. ва б., Онлайн журналистика ва медида янги трендлар. VII жилд. Тошкент, 2019.
7. Морозова А.А. Специфика традиционных жанров журналистики в текстах социальных сетей (на примере «ВКонтакте») // Вестник Челябинского государственного университета, 2015. - № 5. Филология. Искусствоведение. Вып. 94. С. 245).
8. Muminov F.A., Bekbawliev D.O hám basqalar. Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciya tiykarlarí. Sabaqlıq. – T.: «Yosh avlod matbaa». 2021. –V. – 196.
9. Отепбергенова Г. Эссе – көркем публицистикалық жанр сыпатында. Kórkem óner hám mádeniyat Xabarshısı» ilimiy-metodikalıq jurnalı. 2026-жыл. №1-сан.